# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**“Бәркамал әўлад балалар мектеплери жумысларының нәтийжелилигин арттырыў тийкарлары ” атамасындағы форумда қатнасыў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 30-сентябрьдеги «Халық билимлендириўи тараўындағы мектептен тыс билимлендириў мәкемелериниң нәтийжелилигин арттырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4467-санлы қарарында белгиленген әҳмийетли ўазыйпалар сондай-ақ, мектептен тыс билимлендириў мәкемелери басшыларын, педагог кадрларын руўхый жақтан қоллап-қуўатлаў ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-апрельдеги 123-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-апрельдеги 123-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. **Усы буйрық пенен төмендегилер:**

-“Бәркамал әўлад” балалар мектеплери жумыслары нәтийжелилигин асырыў тийкарлары” атамасындағы форумы (кейинги орынларда Форум деп жүритиледи) усы жылдың 18-19-май күнлери Самарқанд қаласында өткерилетуғынлығы;

-форумға таярлықлар көриў ҳәм оны өткериў бойынша шөлкемлестириў комитети қурамы 1-қосымшаға;

-форумда қатнасыўшылардың аймақлар кесиминдеги бөлистирилиў кестеси 2-қосымшаға;

-форум қатнасыўшыларының топарларға бөлистирилиў кестеси 3-қосымшаға;

-форумды өткериў бойынша хызмет сапарына жиберилетуғын хызметкерлер дизими 4-қосымшаға;

-форумның секция шынығыўларын шөлкемлестириў кестеси 5-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилси.

3. **Министрликтиң Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Таңирбергенов)не:**

-«Бәркамал әўлад» балалар мектеплери директорларының Форумда қатнасыўы менен байланыслы барлық шөлкемлестириў жумысларын алып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм Республикалық “Бәркамал әўлад” балалар мектеби директорына:**

-орынлардағы «Бәркамал әўлад» балалар мектеплери директорларының Самарқанда қаласында өткерилиўи режелестирилген форумға толық қатнасыўларын тәмийинлеў;

-тийисли тәртипте олардың хызмет сапары қәрежетлери менен байланыслы машқалаларын шешиў;

- жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳәм карантин қағыйдаларына итибар қәратқан ҳалда барып қайтыўларын тәмийинлеў ўазыйпалары жүклеңсин.

5. Форум қатнасыўшыларының хызмет сапары қәрежетлери тийкарғы жумыс орынларынан төленсин.
6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклеңсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «27» Апрель
№ 114